

**АДÆЙМАГ ÆНДÆРГИ ФÆДБÆЛ НÆ ФÆЦЦÆУЙ, ФАЛ ÆНДÆРГ АДÆЙМАГИ ФÆДБÆЛ ФÆЦЦÆУЙ!..**

***Фридрих ГЕЛЬДЕРИН (1770-1843), немуцаг поэт:** «Адæм федаунцæ, аййевадæ кæми уарзунцæ, алæмæти искурдиадæгинæн аргъ кæми кæнунцæ, сæребарæ комуолæфти хузæн алцидæр хузæнон ци бæсти æй, уоми æригон зунд æ къабæзтæ парахаттæй раудзуй, хецæй боц уни менеугутæ æрбайсæфунцæ. Уоми зæрдитæ 'нцæ кæдзос, ездон æма адæми устур нифсæй райгуруй бæгъатæртæ...»*



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№24 (1040) 2026 анзи 27 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## ЗОНУЙНАГ



### БÆРÆГБОНÆН – АФОНÆ ÆМА РАДÆ!..

Нæ газеткæсгути курдиадæмæ гæсгæ абони нæ газети 8-аг фарсбæл мухур кæнæн Дигорон бæрæгбæнтти къæлиндари дуккаг хай – 2026 анзи дуккаг æмбесæн. Фиццаг хай ба мухургонд æрцудæй нæ газети аци анзи фиццаг номери (рацудæй 17 январи).

Къæлиндар исаразта Тамати Таймураз – Регионалон рохситауæг æхсæнадон организаци «Геуæрги Малити»-й сæрдар.

**НОМДЗУД ХУЗÆГÆНÆГ ТУЙГЪАНТИ САФАРИ ФУРТ МУХАРБЕГИ РАЙГУРДБÆЛ 27 ИЮНИ ИСÆНХÆСТ ÆЙ ФОНДЗ ÆМА АВДИНСÆЙ АНЗИ (1881-1952).**

# «ÆНОСОН ЦАРДÆЙ ÆНОСОН КАДÆ ХУÆЗДÆР ÆЙ!..»



Иристони номдзуддæр лæгтæй еу, алæмæти цæмæдесаг аййевадон искурдиади рæдау зæрдихатт æма уодиконди хецау Туйгъанти Сафари фурт Мухарбег нæ адæмæн, нæ уарзон Иристонæн ци берæ агъазиау хуæрзти бацудæй, уонæн еумæйагæй сæ сæйрагдæр е æй, æма нæ национ хузæкæнуйнади аййевадæ æнæгъæнæ дуйней хузæкæнуйнадон исфæлдистади бæрзæндтибæрзонддæр рауæнтæмæ ке исиста, е. Уомæ гæсгæ фæлтæрæйфæлтæрмæ ихæсгин ан æ рохс ном ин цитгин кæнунæй, æ цардвæндаги хабæрттæмæ дæр æма æ разагъди исфæлдистадæмæ дæр лæмбунæгдæр æргом æздахунæй, æ кадæ цæйбæрцæбæл бæрзонд æй, уой бæрцæбæл цитгинæй æй имисун, дзиллити, уæлдайдæр ба ирæзгæ фæлтæрти бацæмæдесаг кæнунæй, цæмæй æй зононцæ, æма, сæрустур си уогæй, аккаг аргъ ин кæнонцæ, арфиаг гъуддæгутæй æй фæнзунмæ тундзонцæ.

Абони ин мах дæр æ рохс ном имисæн, мæнæ 4-7-аг фæрстæбæл ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй.

**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

Газет «Дигорæ» 2026 анзи дуккаг æмбесæн нерæнгæ рафинстонцæ æдеугурæй 145 адæймаги. Ци фæцайтæ, Дигорæ? Газет «Дигорæ» ма рафинсæн ес 13 июли уæнгæ. Ма базиннадæ кæнетæ!..

http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Ромен РОЛЛАН (1866-1944), французаг финсæг: «Адæймаг гъæуама лæдæра, дуйней фæлдесæг æма хецау ке æй, æма зæнхæбæл цидæриддæр æнамонд хабæрттæ цæуй, уони туххæй дзуапдæттæг ке æй, уой. Уæдта æ хуарз гъуддæгути фæрци ин ци кадæ æма ном ес, етæ адæймаги ке ’нцæ...»*

**СÆРÆН КЪАХ КУ УА, КЪАХÆН БА – СÆР, УÆД ХÆДЗАРÆ АМОНДИ НАДБÆЛ РÆСТВÆНДАГ КÆНУЙ!..**




# НÆ ЕУДЗИЙНАДÆ – НÆ ИДАРДДÆРИ РАЗМÆЦУДИ СÆЙРАГ ФÆРÆЗНÆ

– Абони махæн хъæбæр ахсгиаг æй нæ фидибæстон анзфинст, нæ фидтæлтиккон хуæрзуагон æгъдæуттæ æма фæткитæ, нæ адæми удварни алæмæтдзийнадæ багъæуай кæнун æма сæ хæзнати хæзнайæй нæ идарддæри фæлтæртæмæ хъæртун кæнун, цæмæй уонæн дæр тæходуйаг æма разæнгардгæнæг уонцæ сæ ирисхъи хабæрттæ аразгæй. Еци агъазиау гъуддаги ба уæлдай ахедундзийнадæ ес парламентон æмгустадæн. Уой æнхæст кæнгæй, ахсгиаг æй айдагъ закъонæвæрунадæ æма баради хæццæ баст унаффитæ хæссун нæ, фал ихæсгин ан регионти историон бастдзийнæдтæ ахур кæнун. Етæ ’нцæ нæ федар еудзийнадæбæл дзорæг æма размæцуди æнтæстдзийнадæн сæйрагдæр фæрæзнæ.

Аци гъуди, зæгъун æнгъезуй, иссæй нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймоdo**

радзубандий сæйрагдæр зæгъуйнæгтæй еу.

Парламентон æмгустади койæй хумæтæги нæ райдæдта æ радзубанди. Цæветтонгæ, æрæги Дагестани арæзт æрцудæй Цæгат Кавкази Парламентон Ассоциаций XIII конференци. Уæлдай æргом си раздахтонцæ Цæгат Кавкази федералон зилди регионти социалон-экономикон ирæзти сæйраг рахуæцæнтæмæ. Æркастæнцæ паддзахадон программитæ æма национ проекттæ царди уадзуни фарстатæмæ. Уони фæрци граждæнти царди уавæртæ зингæ фæххуæздæр уодзæнæнцæ.

Аци конференций ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау æй, уобæл дзоргæй Тускъати Таймораз уотæ загъта:

– Æмзунд æма æмвæндæй архайди фæрци берæ фулдæр æнтæсуй. Еумæ бакосæн, экономикæ æма социалон къабазæбæл хуæздæр æрдæмæ ка фæззиндзæнæй æма сæбæл комкоммæ ка ахедуй, уæхæн закъонти проекттæбæл.

Нæ республики Парламенти Сæрдар æ радзубандий уæлдай лæмбунæгдæр æргом раздахта цæгаткавказаг региони историон-культурон гъæздуг бунтæ багъæуай кæнуни фарстатæмæ. Æма бæлвурд дæнцитæ æрхаста нæ республики уой фæдбæл ци берæвæрсуг куст арæзт цæуй, уæдта ма ракодта, еци гъуддаги иннæ регионти хæццæ ци æмгустадæ ес, уой кой дæр.

Тускъати Таймоdoзæн æ радзубандий зингæ хай адтæй нæ республики Парламенти нури архайди туххæй. Зæгъæн, аци анзи фиццаг æмбесæн хатдзæгтæ кæнгæй, радзурдта, экономикон домæнтæ æнхæст кæнгæй, бюджетбæл æма хъалонти закъонæвæрунадæ æнхæст кæнунмæ циуавæр цæстдард цæуй æма Парламенти Совети цæугæ æмбурдти кусти туххæй.

Хецæн дзубанди адтæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн æма сæ бийнонтæн агъази мадзæлттæбæл. Тускъати Таймораз куд баханхæ кодта, уотемæй депутаттæн нуртæккæ е æй сæ сæйрагдæр архайд.

– Ипотекæ райсуни зæрдæмæдзæугæдæр льготитæ, кредитон каникултæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайгути сувæллæнттæн ахуради, гъомбæлади фулдæр уæлæнхасæн зæрдæдарæнтæ, медицинон лæггæдтæ, санаторитæ æма курорттæмæ лæвар балцæгтæ – аци æма æндæр фарстати хæццæ баст нормативон-барадон акттæ федаргонд æрцудæй, æма куст цæуй идарддæр æма еудадзугдæр.

Спикер устур æргом раздахта ахуради къабазæмæ. Æ дзубандимæ гæсгæ, дæсни косгутæ цæттæ кæнун гъæуй экономикæ æма фæллойни базаради нуриккон домæнтæмæ гæсгæ. Уой туххæй ба гъæуй фæсевæди хæццæ профориентацион куст кæнун. Аци рауæн ахсгиаг æй ахургæнæндæнтти, муниципалон хецаудзийнади оргæнти æма бизнеси минæвæртти хæццæ æмархайд.

Уæрæсей адæмти еудзийнади Анз бæрæг кæнуни фæлгæти Парламент циуавæр ихæстæ æнхæст кæнуй, зæгъгæ, аци фарстайæн дзуапп дæтгæй, Тускъати Таймораз радзурдта «Дорогами дружбы», зæгъгæ, Кæсæг-Балхъари республики Парламенти хæццæ хуæрзæрæги ци агъазиау форум исаразтонцæ, уой туххæй. Уæхæн еумæйаг форумтæ исаразунмæ гъавунцæ Хъæрæсе-Черкести, Дагестани æма Абхази республикити хæццæ дæр. Уомæй уæлдай ма радзурдта, циуавæр мадзæлттæ ма исаразуйнаг æнцæ сæ æмархайд ахедгæдæр кæнунæн, уой туххæй.

Тускъати Таймораз æ гъуди загъта мадтæлон æвзаг багъæуай кæнуни фæдбæл закъон исфедар кæнуни туххæй дæр. Æ дзубандимæ гæсгæ, закъон федаргæнæн уæд уодзæнæй, æма æхсæнадæ еу гъудимæ ку æрцæуа.

– Закъон адæми дехтæ нæ, фал сæ еу ке кæнуй, уой ку балæдæрæн, уæд æй федар дæр искæндзинан æма ’й царди дæр рауадздзинан, – загъта спикер.

Еума ахсгиаг фарста – туризми райрæзт. Уой фæдбæл дзоргæй, Тускъай-фурт куд загъта, уотемæй республики ци туристон илци федаргонд æрцудæй, е бавдиста, унаффæ раст ке адтæй, уой.

Уой ахедундзийнадæ региони экономикæбæл нуриуæнгæ хуæрзæрдæмæ фæззиндтæй – еци фæрæзнитæй цалцæггонд цæунцæ аллихузон объекттæ, курорти уавæртæ нуриккон домæнтæмæ гæсгæ хузæнон кæнунцæ.

Фал Тускъай-фурти гъудимæ гæсгæ еци илци алкæмæй æмхузон есгæ нæй, уæлдайдæр, дзубанди берæсувæллонгин бийнонти туххæй ку цæуа, уæд. «Сувæллæнтти туризм», фиццагидæр, ирæзгæ фæлтæрæн агъаз æй нæ бæстæ хуæздæр базонунæн, Цæгат Иристони Национ музеймæ бацæунæн, Устур Фидибæстон тугъди туххæй æвæрд экспозицитæмæ лæмбунæг æркæсунæн… Уой дæр ма баханхæ кодта, æма туристон илци региони экономикæн агъаз æй, фал ма ибæл бакосун гъæуй, цæмæй еци æхцай фæрæзнитæ уæлæнхасæн уаргъæй ма æрæнцайуонцæ бийнонтæбæл.

Пресс-конференций кæронбæттæни Тускъати Таймораз радзурдта, Цæгат Иристони Парламентæн фæззигон сессий æ кусти сæйрагдæр ци уодзæнæй, уой туххæй. Сæйрагдæр си уодзæнæй нæуæг анзмæ республики бюджети проектбæл бакосун.

– Исонибони бюджет арæзт цæудзæнæй, депутаттæ се ’взаргути хæццæ фембæлдтити рæстæг ци фæндитæ æма феппайуйнæгтæ хæсдзæнæнцæ, уони бундорбæл. Уомæй уæлдай, фæндæ кæнæн, хъалонти политикæ ка аразуй, республикон еци закъонтæ нæуæгæй равзарун, æма, нуртæккæ ци хъалонтæ ес, уони ахедундзийнадæн аргъ искæнун.

*Æрмæг бацæттæ кодта*
*ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.*

* * *

**1. Цæгат Иристони Парламент бæстонæй архайуй синхаг регионти закъонæвæрæг оргæнти хæццæ æмархайди бастдзийнæдтæ ахедгæдæр кæнунбæл. Галеуæрдигæй къари – ТУСКЪАТИ Таймораз, зæрдиагæй дзубанди кæнуй нæ республики æма Кæсæг-Балхъари Парламентти фембæлди архайгути хæццæ.**

**2. Нæ республики Парламенти кусти зингæ бунат ахæссуй районти æмбурдтæ аразуни фæткæ. Рахесæрдигæй къари – Парламенти депутаттæ Мæздæги районы.**






**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, композитор æма педагог Хосроти Соломони фурт Тотурбеги райгурдбæл 27 июни æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1926-2012).**

## СÆРМÆХÆССУЙНАГ ЦИ ÆЙ, УОМÆН Æ КЪÆХТÆМÆ НÆ КАСТÆУЙ!..




# УÆЛÆНГАЙ ФЕВНÆЛДТИТÆЙ УСТУР ГЪУДДАГ НÆ АРÆЗТÆУЙ

Адæми рахæлхъойтæ кæнунæн берæ нæ гъæуй – фагæ 'й фæлхасади къабази æнæмæнгæ гъæугæ цидæрти нæхъæртондзийнадæ райаразун. Уотæ ке æй, уомæн еума хатт æвдесæн иссæй, мæнæ нуртæккæ нæ бæсти берæ регионти артаг хъæбæр ке искадавар æй, ка си пайда кæнуй, етæ тухст уавæрти бахаудтæнцæ. Уæхæн хабæрттæ ба хъæбæр тагъд фæххæлеу унцæ, æма уой фæдбæл дан-дунтæ таси æфтаун байдæдтонцæ нæ республики цæргути дæр. Куд артагæй пайдагæнгутæ, уотæ си ка нæ пайда кæнуй, уонæн дæр лæдæрд æй, артаги нæхъæртондзийнадæ син хъоргæнæг ке исуодзæнæй сæ цардиуаги берæ хабæртти.

Уавæр куд æй æма æ фæрræстмæ кæнунæн æвæстеуатæй ци мадзæлттæ исаразун гъæуй, цæмæй Цæгат Иристони фæлхасгæнгутæ æма кустуæттæ æнæкъулумпитæй ефтонггонд цæуонцæ артагæй, уой фæдбæл бæлвурд дзубанди цудæй нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** ке исаразта, еци оперативон æмбурди. Архайдтонцæ си хецаудзийнади æнхæстгæнæг оргæнти разамонгутæ, уæдта монополий нихмæ федералон служби регионалон управлени æма цæстдарæг структурити минæвæрттæ. Æмбурд игонгæнгæй, Сергей Меняйло загъта:

– Нуртæккæ нæ республики фагæ ке æвæрæнтæ ес, еци артагæй ефтонгадæмæ лæмбунæг цæстæ дарæн. Фæстаг цалдæр боней дæргъи бæсти еуæй-еу регионтæ артаг æлхæнун райдæдтонцæ раздæрæй фулдæр (еуæй-еу хатт ба – цалдæр хатти фулдæр). Аци æууæли фудæй хуæдтолгитæ артагæвгæнæн станцити бамбурд унцæ. Артаги кадавар Цæгат Иристони цæмæй ма исæвзура, уомæн агъаз кæнæн. Артаги хæццæ баст уавæрмæ, уæдта артаг нæ республикæмæ куд æфтуйуй, уомæ аллибон дæр нæ цæстæ дарæн.

Æмбурди архайгути гъудимæ гæсгæ, будуйрон куститæ æнхæст кæнуни рæстæг гъæууонхæдзарадон кустуæттæ артагæй ефтонг кæнун æнгъезуй æнæлазæй. Артаг цæгатиристойнаг артагæвгæнæн станцити ес æви нæййес, уой туххæй хабæрттæ финст кæми 'нцæ, республики Сæргълæууæги бардзурдмæ гæсгæ бацæттæ кодтонцæ уæхæн информацион онлайн-табло.

Нæ республики ка ес, еугур еци артагæвгæнæн станцити туххæй хабæрттæ кумæ бахастонцæ, региони Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради артаг æма энергетики министради оперативон штаб исаразта уæхæн электронон картæ. Артаг нæ респбулики артагæвгæнæн станцити ес æви нæййес, тагъд рæстæги нæ региони цæрæг алли адæймаг æма иуазæгмæ дæр уодзæнæй амунд карти фæрци уой туххæй хабар базонуни барæ. Хабæрттæ кумæ æфтуйунцæ, еци онлайн-табло фæлварæн уагæй косун райдæдта.

* * *

*Аци æрмæг бацæттæ кодтан нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-служби игъосункæнуйнагмæ гæсгæ. Æма ма ибæл бафтауйнаг ан цалдæр зæгъуйнаги.*

*Æмбурди ци мадзæлтти кой цудæй, етæ, дзубанди дæр ибæл нæййес, æнæмæнгæ гъæугæ 'нцæ, æма пайда дæр фæууодзæнæнцæ. Фал уой хæццæ ба ма æнгъезуй уотæ бафæрсун дæр: е куд æй, æма нефть æма уой продукттæй цъоппидзаг ка 'й, сауæнгæ ма фæсарæнтæмæ парахаттæй æрветунмæ кæмæй ададзунцæ, еци бæстæн æхе медæгæ ба, тоги аргъ уогæй, уæддæр рæстæгæй-рæстæгмæ нæбал фæффагæ кæнуй. Уотæ цæмæн æй, зæгъгæ, дзуапп цæмæннæ байагурдæуй, еци къабæзтæ (нефть амал кæнуни, уомæй продукттæ аразуни æма сæ уæйæ кæнун) ке къохти 'нцæ, уонæй. Етæ гъæздугæй-гъæздугдæр кæнунцæ, адæми ба гъезæмæртти æфтаунцæ. Дзуапп байагорун ба си гъæуй, уæлдайдæр ба абони, нæ Фидибæсти нихмæ не 'знæгтæ аллихузон фудмиутæ ку аразунцæ, уæд. Фарстамæ, æвæдзи, айдагъ экономикон цæстингасæй кæсун нæ гъæуй, фал, æфсармæ æма цæсгондзийнади æгъдауæй дæр. Уомæн æма Уæрæсей цæргæй, æма ин æ гъæздугдзийнæдтæй парахаттæй хе хуарзæн ка пайда кæнуй, етæ сæ хийнæйдзаг миутæй нæ Фидибæстæн не 'ндагон æзнæгтæй минкъийдæр зæран ке нæ хæссунцæ. Бустæги æй фегæр кодтан? Лæмбунæгдæр ибæл ку расагъæс кæнайтæ, уæд нæ балæдæрдзинайтæ æма нæ хæццæ исаразі уодзинайтæ.*

*Раст зæгъгæй, мæнæ ци фарстай кой кæнæн, е мах республикæй аразгæ нæй – нæййес нæмæ уæхæн равгитæ æма равналæнтæ. Фал адæймаг æнæдзоргæ куд уа, æнæрастдзийнадæ æнæгъæнæ бæстæн фидбилизхæссæг ку уа, уæд… Нæ зæрдæ ма дарæн уобæл дæр, æма нæ кæд фегъосиуонцæ, гъуддæгутæ кæмæй аразгæ 'нцæ, етæ дæр…*

## ИРÆЗГÆ ФÆЛТÆРТИ РÆСТМÆ ГЪОМБÆЛАДÆ – НÆ ЕУМÆЙАГ ИХÆС

# КÆСТÆРТÆ ХЕСТÆРТÆМÆ КÆСУНЦÆ, УОНИ ФÆНЗУНЦÆ...

Цæгат Иристон Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Координацион совети æмбурди æрдзубанди кодта сувæллæнттæ æма фæсевæди еугуруæрæсеуон «Фиццæгти æзмæлд»-и регионалон хайади архайд æма ирæзти фарстатæбæл. Видеобастдзийнади фæрци дзубандий архайдта «Фиццæгти æзмæлд»-и регионалон æмархайди департаменти разамонæг **Ольгæ Негрова**.

Совети иуонгтæн Сергей Меняйло куд радзурдта, уотемæй, ирæзгæ фæлтæртæ гъомбæлгæнгæй, ахсгиаг æй системон политикæй пайда кæнун, æригæнтти æргом æхсæнадон-политикон гъуддæгутæмæ æздахун:

– «Фиццæгти æзмæлд» абони æй фæсевæдон политикæ æма ахуради гъуддæгути 'хсæн ахедгæ коммуникацион фæрæзнæ. Ахурадæмæ хаунцæ 6 анземæй ба 25 анзей уæнгæ ирæзгæ фæлтæртæ. Цæгат Иристони нерæнгæ бал байгон кодтан æзмæлди 240 райдайæн хайади, «Фиццæгти æзмæлд»-и ес 91,5 мин иуонги æма зундамонæги, – фæббæрæг кодта Сергей Меняйло.

Ольгæ Негрова куд радзурдта, уотемæй гъуддаг сæрдигон фæлладуагъд исаразуни хæццæ баст гъæуама ма уа.




Сувæллæнтти хæццæ, ниййергути хæццæ еудадзуг косун гъæуй, сæ кæцифæнди гъуддаги дæр архайун, сæ рази ун.

– Фæсевæд кæддæриддæр кæсунцæ хестæртæмæ, фæнзунцæ сæ. Регионалон хайадæ æ алфамбулай зингзæрдæ адæм ке æрæмбурд кæндзæнæй, е ми æруагæс кæнуй.

Совети æмбурди ма æркастæнцæ, «Фиццæгти æзмæлд»-и регионалон хайади архайд анзи фиццаг æмбеси куд рауадæй, уомæ дæр.

***Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ***

## РАСТ ÆМА ЗУЛУН – ЦÆСТУИНГÆ!..



Æррабий дин æнæдон будури аразун ку байдайидæ донæйкосгæ куройнæ. Зондаби ибæл уоми исæмбалдæй æма 'й фæрсуй:

– Ци аразис, Æррабий?

– Кæд дæ сæри зунд ес, уæд æй, гæрр, куд нæ балæдæрдтæ, куройнæ ке аразун, уой?!

Зондаби фæйнердæмæ ракæсæ-бакæсæ ракодта, æма, цæугæдон ку некæми æрæстæфтæй, уæд нецибал исдзурдта, рараст æй æ надбæл. Æррабий зæрдихудтæй æ фæдбæл дзоруй:

– Дæ хуарзæнхæй, Зондаби, рæстмæ дин фæууæд дæ куройнæ æма си ирайгæ уо, зæгъгæ, мин цæмæннæ райарфæ кодтай?

– Райарфæ дин кодтон, – загъта ин Зонбади. – Фал, дæ куройнæ ци донæй зелдзæнæй, е æгæр гъæр кæнуй æма мæ нæ фегъустай…

* * *

*Уæхæн Æррабийтæ нæмæ абони дæр минкъий нæ 'нцæ? Уæлдайдæр ба унаффæхæссæг бунæтти. Æма ци «куройнитæ» аразунбæл ба нæ иселлæг унцæ! Æ рæстæги нæ хъæбæр федарæй æууæндун кодтонцæ, Цæгат Иристон æхе нефтæй цардгъон уодзæнæй, зæгъгæ. Æма кæми 'й еци нефть? Кенæ Чубайси нанотехнологити хабар. Ци си рантæстæй? Сæнттæ цæгъдуни барæ алкедæр ес. Фал æ бæлах е æй, æма сæбæл æгæрон берæ харзгонд цæуй паддзахадон бюджетæй, – æдзæсгонæй кедæр пайдайæн хæлæттаггонд цæунцæ, мах, хумæтæг адæми цардиуагæ еуцæйбæрцæдæр фæххуæздæр кæнунæн ка бабæззидæ, еци фæрæзнитæ. Æма е ба, баруагæс уи уæд, æгириддæр нæй айуан æма раходуни хабар.*



**Гарик ХАРЛАМОВ, комик: «Цæй æма футбол – хъутургъани амæттаг фæууа – бустæгидæр нихгæнæн. Комкоммæ ести устур дæгъæл райсæн æма 'й нихгæнæн еци спорт…»**

* * *

– Футбол бунтон æхгæнуни бæсти растдæр уодзæнæй, ци æнæлæдæрд берæ фæрæзнитæ си харзгонд цæуй, уони æрхузæнон кæнун. Æцæгæй нихгæнун ке гъæуй, уæхæнæй ба нæмæ берæ цидæртæ разиндзæнæй – телеуинунади берæ къæсибадæг программитæ, аллихузон æнæсæрфат фестивальтæ æма форумтæ. Пайда си æгириддæр неци. Сæ зæран ба – гъæуй дæр ма дæ!



**Номдзуд балхон ЕРМОЛОВИ еу инæлари туххæй, тугъди рæстæг æхе куд равдесуй, зæгъгæ, ку бафарстонцæ, уæд æ дзуапп адтæй: «Æфсæрмигæнагæ 'й…»**

* * *

Нæ нури инæлартæй ба беретæ сæ комкоммæ ихæстæ рæстмæ æнхæст кæнунмæ кæд «æфсæрмигæнагæ» æнцæ, уæддæр æгириддæр æфсæрмигæнагæ ба нæ 'нцæ æндæр гъуддаги – нæ паддзахадæ гъæуайкæнуйнади фæдбæл ци агъазиау фæрæзнитæ дехгонд цæуй, уонæбæл æдзæсгонæй хæлæф кæнуни. Аци зуст загъд киндæуй, бæрзонд æфсæддон бунæтти бадгутæй гъæуайкæнуйнадон бюджетмæ ке къохтæ хъæртунцæ, комкоммæ еци хамасхуарти туххæй. Уæхæнттæ ба нæмæ æгæр исберæ 'нцæ...



**Александр ПЯТИГОРСКИЙ (1929-2009), уруссаг философ: «Нуртæккæ Уæрæсейæн æ бæлæхти бæлах æй, æгъдау æма æфсармæн си сæ кой, сæ гъæр дæр ке нæбал ес, е. Ардигæй игурунцæ æгъатирдзийнадæ, æбуалгъ миутæ, нацити кæрæдзебæл ардаун, коррупци… Адæмбæл зудæ æма кæрæфдзийнадæ бафтудæй…»**

* * *

– Аци зундилæг ци гъæндзийнæдти кой кæнуй, етæ алли доги дæр адтæнцæ æма нур дæр, гулæггагæн, æнцæ Уæрæсей. Фал уонæй баргæ нæ 'нцæ нæ Фидибæстæ æма æ адæм æнæгъæнæй. Мах алкæддæр адтан, ан æма, федарæй ни æруагæс кæнуй, уодзинан тухгин æма цардгъон, нæ адæми рæстзæрдæдзийнадæй, хуæрзæгъдау æма æфсармæбæл æновуддзийнадæй…

**Зундгонд геолог, Ленинон æма ССР Цæдеси паддзахадон премити лауреат, Казахи ССР-и науки æскъуæлхт архайæг, Казахстани наукити Академий иуонг-уацхæссæг, профессор Мудойти Цæрайи фурт Геуæргий райгурдбæл 30 июни æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1901-1991).**

***МАМИАТИ Изетæ, филологон наукити кандидат: «Фидтæлти уодварни гъомусадæ гъæуама исæфт ма уа – уобæл æ уодæй уод кодта Туйгъанти Мухарбег. Еци нисани хæццæ æ искурдиади уедæгтæ арф бахизтæнцæ адæми царди историй, æ мифопоэтикон-магион дуйнеуинунади.***


Сатана


Сирдон

# «ÆНОСОН ЦАРДÆЙ ÆНОСОН КАДÆ ХУÆЗДÆР ÆЙ!..»

## НАРТИ ЭПОС ТУЙГЪАНТИ МУХАРБЕГИ ИСФÆЛДИСТАДИ

Нæ адæми намусгин евгъуд цардиуаги ахсгиагдæр уодварнон хæзна – «Нарти эпос»-и аййевадон хузи æвдист æрцудæнцæ Фидибæстæ, фидиуæзæг уарзун æма æ сæрбæлтау æновудæй архайун, адæмти 'хсæн еудзийнадæ æма хæлардзийнади гъуддæгутæ, рæстдзийнадæ, æхсарæ, æгадæ цардмæ æнæуинон цæстæй кæсуни менеугутæ.

Нарти эпос аййев хузæкæнуйнадæн æй æнæисусгæ игурæн, дзурди дæснитæн е æй сорæттæ, мотивтæ æма темити гъæздуг хæзнадонæ.

Эпосæн æ аййевадон фæрæзнитæ 'нцæ аллихузон æма тухгин. Æ алли цикли дæр бæлвурдæй зиннунцæ аййев хузæвдесæг эпитеттæ, зæгъæн: «бор хонх», «сау хонх», «сугъзæрийнæ дзиккотæ» æма уотæ идарддæр.

Рæсугъд хуарæнти фæрци Нарти кадæнгити иссерæн ес æрдзи аллихузон хузтæ. Зæгъæн, «Ацæмæз æма Агундæрæсугъд»-и кæсæн:

*Сау хъæд тъыфылтæй хæрдмæ хауын байдайы, –*
*Гæмæх къуылдымты, гæмæх æрдузты,*
*Æппын кæм нæ зад кæрдæджы хал дæр,*
*Уым нырр куы равзæры зæлдаджы хуызæн.*
*Гæмæх быдырты рæсугъд дидинджытæ*
*Сæ хъулон сыфтæ уæд куы радардтой,*
*Æмæ, гуыв-гуывгæнгæ, мыдыбындзытæ*
*Дидинджыты мыд цъирын байдыдтой.*
*Сау хъæды мæргътæ алы хъæлæстæй*
*Къуызиттуастгæнгæ сау хъæд сæ сæрыл*
*Исын байдайынц, – нарты Ацæмæзæн*
*Рæсугъд ныхъхъырнынц йæ рæсугъд зарджытæн…*

Нарти эпосмæ сæ гъос раги æрдардтонцæ хуæздæр хузæгæнгутæ, уонæн е иссæй агъазиау аййевадон уадзимистæ исфæлдесуни гæнæн. Еци хузæгæнгутæй еу æй Туйгъанти Мухарбег. Æ генион уадзимистæ исаразуни агъоммæ е Нарти эпос исахур кодта læмбунæг, историон æгъдауæй.

Кадæнгити мингай варианттæ кæрæдзебæл баргæй, къамис æрцудæй уæхæн хатдзæгмæ: бæгъатæр нарти туххæй цидæриддæр варианттæ адтæй, етæ 'нцæ, кæддæр æ рæсугъддзийнадæй деси ка æфтудта, фал цубур рæстæгмæ æ раздæри хузæ кæмæн нæбал ес, уæхæн агъазиау бæстихаййи ихæлддзæгтæ, – финста Туйгъанти Мухарбег. Æма æ аци загъди ес арф гъуди, аци фарста æртасæг косгути аразуй раст надбæл эпоси еуæй-еу æбæлвурд фарстатæ раст ралух кæнуни гъуддаги.

Æцæгæйдæр, эпоси еугур сорæттæ, адæм сæ куд исаразтонцæ, махмæ уотемæй не 'рбафтудæнцæ, æрцудæй си устур æйййивддзийнæдтæ.

Туйгъанти Мухарбеги конд хузтæ ахур кæнгæй, зин балæдæрæн нæй, уой хузæн ке неке балæдæрдтæй Нарти эпоси адæмон уодиконд, æ бæгъатæрон рахаст. Хузæгæнæгæн æ агъазиау искурдиади фæрци бантæстæй аййевадон æгъдауæй нæ евгъуд дзамантæн сæ цæмæдесдзийнадæ æнхæстæй равдесун. Æ дессаги реалистон хузтæй ном кæнуй æ адæмæн, уомæн æ цитгин историйæн. Хузæгæнæг æргом кæнуй эпоси идейон медес. Мухарбеги хузти бæлвурдæй уинæн нарти цард. Таурæхътæй ист эпизодтæ уотæ рæсугъд æма тухгин фæлгонцгонд æнцæ хузæгæнæги къохæй, æма сæ æнæгъæнæй ка нæ бакастæй, еци адæймаг дæр æй балæдæрдзæнæй, таурæхътæ цæбæл дзорæг æнцæ, уой, æма æ зæрдæй некæдбал исцох уодзæнæнцæ. Æхсар æма Æхсæртæг куд фæммард æнцæ, уой туххæй эпоси кæсæн: «Æхсæртæг æваст æ хъæма фелваста. Ныццавта хъæмай æ тухæ æ бонæй. Æма си е 'нсувæр Æхсари рамардта…»

Мухарбеги конд хузи Æхсар æма Æхсæртæги уинæн мардæй. Дзерассæ сæбæл ниддæлгоммæ 'й æма æхе кæуна́й маруй. Хузи сæйраг бунат ахæссуй Æхсæртæги агъазиау гурæ, æ реугудур ин байгарста, æма гъæдгинæй тог фемæхстæй. Адæймаги цæстингас æхемæ æздахуй Дзерассæ дæр. Сæ алфамбулай æрхунæй фегуппæг æнцæ денгиз, хуæнхтæ, арв, мæргътæ.



**_ТУЙГЪАНТИ МУХАРБЕГ:_**

***«Цæйбæрцæбæл арфдæр нихъулдтæн Нарти кадæнгити, цæйбæрцæбæл бундорондæрæй ахур кодтон зæронд цард æма е 'гъдæуттæ, уоййасæ ми хъæбæрдæр æруагæс кæнун райдæдта: Нарти эпос æй нæ адæмæн æхе сæрмагонд исфæлдистадæ…»***



Аци дессаги хузæй бæрæг æй, Туйгъанти Мухарбег ке тундзуй Нарти эпос реалистон æма психологон уагæбæл æвдесунмæ. Æ еци тундзундзийнадæ æнгом баст æй уадзимисти композицити декоративон рахасти хæццæ.

Нарти эпосбæл æртасæн куст ка кæнуй, айдагъ етæ нæ, фал таурæхътæ ци адæм кæсунцæ, уонæмæ дæр тæккæ дессагдæр сорæтбæл нимад æй Сатана, эпоси тæккæ сæйрагдæр æма уарзондæр архайгутæй еу.

Сатанай сорæт аййевадон æцæгдзийнади æгъдауæй уой бæрцæ дессаг, уойбæрцæ тухгин æй, æма æ мифологон медес адæймагæй æрбайронх уй, мах фæуууинæн, матриархати догæ æ тæккæ тæмæни ку адтæй, уæди рæстæги тухгин силгоймаги. Æцæгæйдæр, Сатанай сорæти бæрæг æнцæ силгоймагæн æ еугур растауйнаг менеугутæй беретæ.

Адæм раст аргъ кæнунцæ Сатанайæн, гъома, е адтæй зундгиндæрти-зундгиндæр, зæнхи цъарæбæл рæдаудæрти-рæдаудæр, æ рæсугъддзийнадæй тар æхсæвæ дæр ниррохс уидæ, æ дзубанди ба топпи фати хузæн æ нисанеуæгбæл æнæцъерфæй исæмбæлидæ. Сатанай ку бафæндæуа, уæд ниууардзæнæй мет, исистдзæнæй зелгæ-думгæ. Сатана лæдæруй мæргъти æвзаг, уинуй, дуйнеи цитæ цæуй, уони.

Профессор Абайти Васо куд финста, уотемæй Нартæн уæн ес, сæ бæгъатæртæй æнæ кæмæйдæрæй, е сауæнгæ сæ тæккæ сæйрагдæртæй ку уа, уæддæр. Гъе æцæг син уæн нæййес æнæ Сатанайæй. Уомæн æвдесæн æй, эпоси Сатанай рамарди туххæй ке неци загъд ес, е. Сатана æй æнæмæлгæ, растдæр зæгъгæй ба, е цæруй, цалинмæ Нарти муггаг цæруй, уæдмæ.

Сатанай сорæт Туйгъанти Мухарбег уæлдай арæхстгиндæрæй æвдесуй нарти кувди – Урузмæг Сатанай хæццæ рахецæн унбæл ку ниллæудтæй, уæд Сатана æхуæдæг ци кувд исаразта, уоми.

Кувди адæми астæу Сатана федауцæй лæууй, æ къохи бæгæний хъалац, уотемæй æма адæммæ игъæлдзæгæй, уарзон цæстæй кæсуй. Æ рази тумбул фингæ, алли хуæрдæ æма ниуæзтæй идзаг. Хузи тæккæ зингæдæр бунати уинæн Урузмæги. Е амонуй кæстæрти 'рдæмæ. Кувди адæмæн разамунд дæттуй Урузмæг. Финги фарсмæ бадунцæ дууæ зæронд лæги. Еу хуæцуй къосбæл æма, æвæдзи, ковуй. Адæм имæ нийгъустонцæ. Æ фарсмæ ци хъæрæу зæронд лæг бадуй, уобæл хуæцуй æндæр зæронд лæг; еу æригон биццеу Сатанамæ æнахур кæститæ кæнуй, хъæрæуи æрбахонуй. Аци рауæн хузæгæнæг хъæбæр хуарз равдиста нарти æгъдау – кувдмæ адæми сæ еугурей дæр хонун, устурæй-минкъийæй æ бон æрцæуун кæмæн нæй, уонæн ба


Нарти мæлæт


Æхсарæ æма Æхсæртæги мæлæт

хæйттæ сæ хæдзæрттæмæ æрветун. Еци æгъдау нæ адæммæ абони уæнгæ дæр ма æй. Хузи хуарз æвдист æрцудæнцæ кувди бадæг адæми игъæлдзæгдзийнадæ, фусунтæ рæдау æма иуазæгуарзон ке ’нцæ, фингити бæркадæн ниггæнæн ке нæййес, етæ.

Æнæ зæгъæн нæййес, Туйгъанти Мухарбег Сирдони сорæт кæми исфæлгонц кодта, еци хузтæй еуей туххæй дæр. Сирдон нартæбæл еудадзугдæр гадзирахаттæй цæуй, нартæ æй сæ «фидбилиз» дзæгъæли нæ хонунцæ. Е ’ртæ фурти Хæмици къохæй ку бастъалдæнцæ, уæд уой фæсте Сирдон коруй нартæй, се ’хсæнмæ ’й куд бауадзонцæ. Æ фурти æстæгутæй æхецæн дууадæстæнон фæндур искодта, нарти ’хсæн исбадтæй æма е ’намонддзийнадæбæл зарунтæ райдæдта.

Нийгъосунцæ нартæ Сирдони зæрдихалæн зартæмæ æма ин æ курдиадæ исæнхæст кæнунцæ, кæд син фидбилизи хуасæй æндæр неци ’й, уæддæр. «Зæрдрист бæрзонд æма ездон кæнуй адæймаги, – финсуй Абайти Васо, – сауæнгæ фудгæнгути дæр. Мах уинæн, æ зини сахат Сирдон иссæй, адæймаг барæ-æнæбари дæр устур аргъ кæмæн кæнуй, уæхæн зинтæфæууинæг лæг. Е искодта фæндур, исаразта ин æ дуадæс тæни æма райдæдта зарун æ зинддзийнади таурæхъ. Зар игуруй гъезæмæртти – æвæдзи, еци дессаги эпизодæн уæхæн æй æ гъуди. Сирдони кæун, æ фæндури цагъд бахъæрттæй сауæнгæ тузмæг нартæмæ дæр, сæ зæрдитæмæ син багъардта».

Адæмон хузæгæнæг Туйгъанти Мухарбег исхузæ кодта еци зæрдæмæгъаргæ усмæ. Хузи раззаг пълани уинæн Сирдони æд фæндур; æ гури конд, æ цæсгони бакаст дзорунцæ е ’нæкæрон зиндзийнадæбæл. Сирдони кæунмæ нартæ зæрдихæлдæй лæуунцæ æ алфамбулай, сæ сæртæ æруагътонцæ, уотемæй имæ нийгъустонцæ.

Цалдæр дзурди Батраз æма Алæфи тох ци хузи уинæн, уой туххæй дæр. Æндонреу Батраз Алæфи цонг исæздухта – Алæф, Сохъхъур уæйуги фурт, нарти фæсевæдмæ фæрсмæ кæститæ ке кодта, уой фæдбæл.

Батраз æй уæйуги асæ, æ цонги хæцъæфтæ бæлвурд бæрæг дарунцæ. Æзгъæр тохæндзаумæуттæй ефтонг. Батрази сорæти еугонд æрцудæй нарти бæгъатæрти уæлиуондæр бæрцбарæн. Батраз æй æгæрон тухи хецау, æхсаргин тугъдон, æ адæми знæгтæн нæ хатир кæнуй. Алæф, устур хъаури хецау уогæй, æй илгъаг, нецæййаг.

Хузи медæгæ нартæ кафунцæ Батраз æма Алæфи алливарс.

Нартæ исфæндæ кодтонцæ Хизи æлдари нихмæ стæри фæццæун. Зæрдæмæдзæугæ конд æй аци хузæ дæр. Нарти адæм сæхемæ нæ ’нцæ, уой базонгæй Хизи æлдар раскъафта Сослани рæсугъд уоси. Æма нур нартæ, Сослан сæ разæй, уотемæй рараст æнцæ Хизи федармæ, фал сæргубурæй фæстæмæ æрбаздахтæнцæ. Уæдмæ фæззиндтæй Батраз, нартæмæ фæдздзурдта, стæри цæун гъæуй, зæгъгæ.

Хузи сæйраг бунат ахæссунцæ æртæ хъæйтари: Батраз, Урузмæг æма Сослан. Батраз æ тугъдонти размæ лæууй æвæлмастхузæй, нифсгунæй. Урузмæг арф гъудити бацудæй. Сослани бакаст æй мæстгун, е ’фхуæргутæмæ æнæуинондзийнадæй е ’дзаг. Нур ба æркæсæн Туйгъанти Мухарбеги конд Ацæмæзи хузæмæ. Ацæмæз лæууй къæдзæхи сæрмæ æма уоми уæлиндзæй цæгъдуй æ уадиндзæй. Æ бакомкоммæ сау хонх, уой сæрмæ цæруй Сау хонхи хецау Сайнæг æлдар æ рæсугъд кизгæ Агунди хæццæ. Ацæмæз æ дессаги зартæй гъавуй кизги зæрдæ балхæнунмæ. Биццеуи алливарс æрæмбурд æнцæ гъæддаг сирдтæ, мæргътæ, етæ цагъдмæ иселлæг унцæ – сæ базуртæ ниппарахат кæнунцæ æма сæ телунцæ, хъиллиппитæ кæнунцæ, кафунцæ.

«Æцæгæйдæр, – финста Абайти Васо, – еци уадиндзи цагъдæй æносон цъететæ дæр тайун райдайунцæ; дæнттæ сæ билгæрæнттæй райвулунцæ, къæдзæхти фæрстæ цъæх-цъæхид фестунцæ, игуæрдæнти деденгутæ исæрттевунцæ, гæлæботæ æма мудибиндзитæ се ’хсæнти ратæх-батæх байдайунцæ: æрситæ сæ зуймон тарфунæйæй райгъал унцæ æма сæ лæгæттæй рабурунцæ…»

Аци хузæмæ кæсгæй, адæймаги зæрдæбæл æрбалæуунцæ æндæр адæмихæттити эпости ауæхæн сорæттæ – зæгъæн, æ зард æма фæндури цагъдæй сауæнгæ гъæддаг сирдти дæр æхемæ ка æригъосун кодта, еци бердзейнаг Орфей, цæститæбæл ма рауайунцæ Вяйнямейнен карело-финнаг поэтикон кадæнгити æмбурдгонд Калевалæй, Садко уруссаг таурæхътæй...


Курдалæгон

Нартæ зæнхон адæмæй сæ тухæ ке хæццæ нæ равзурстонцæ, уæхæн син нæбал байзадæй. Æма син уæд сæ фидбилиз Сирдон баунаффæ кодта Хуцауи хæццæ истох кæнун.

Нартæ исхуæстæнцæ Хуцауи нихмæ. Дзæвгарæ рæстæг Хуцау неци амал еруй нарти басæттунæн – еуемæй хуæрзарæхст æнцæ, иннемæй ба се ’знагбæл хийнæй цæунцæ æма уой фæрци еудадзугдæр сæ нихмæлæуугутæ дæрæнгонд æрцæунцæ, уотемæй сæхуæдтæ ба дзæбæхæй райервæзунцæ. Уæд Хуцау нарти ралгъиста, æма сæбæл фуданз искодта. Уой туххæй кадæнги кæсæн:

*Хуыцау сын, зæгъы, сæ хин*
*куы базыдта,*
*Уæд сæ ралгъыста, æмæ сæ*
*хуымтæ*
*Бон цъæх куы кодтой,*
*æхсæв та – кæрдинаг.*
*Бон-иу кæрдынмæ куы*
*ацыдысты,*
*Уæд-иу сæ хортæ цъæхæй*
*ныййæфтой.*
*Æхсæв дæр-иу сæм куы*
*ацыдысты,*
*Уæд дæр-иу хуымтæ цъæх*
*фестадысты.*

Цийфæнди æлгъист кæд кодта Хуцау нарти, уæддæр уонæн сæ нифс нæ састæй æма идарддæр тох кодтонцæ уæлæрвти хæццæ. «Æносон цардæй æносон кадæ хуæздæр æй!» – зæгъунцæ нартæ.


Урузмæги фæстаг балци

Нарти тугъдонтæ, сæ сæргъи Урузмæг, уотемæй фæттæй æхсунцæ, сæ размæ ци хуари будуртæ ес, уони. Æфсерæ куддæр фæббор уй, уотæ ’й сагелфат фæллух кæнуй æма цæттæй байзайуй.

Нартæн се ’ндаг бакаст æй æнæбасæттæ. Е уобæл дзорæг æй, æма нартæ ке ’нцæ фæразон адæм, цийфæнди зин уавæрти дæр сæребари сæрбæл ке тох кæнунцæ.

***ХЪÆЦМÆЗТИ Евген.***
***1970 анз.***

*Аци фæрстæбæл мухур кæнæн, Туйгъанти Мухарбег Нарти кадæнгитæмæ гæсгæ ци хузтæ искодта, уонæй цалдæр.*

## ФÆСДЗУРД.

**Туйгъанти Мухарбег кæд абони не ’хсæн нæбал æй, уæддæр æ рохс ном нæ дзиллæй иронх нæй, арфиагæй æй имисæн, æ берæ фæллæнттæй сæрустур ан, цитгин æй кæнæн. Уомæн æвдесæн – æ ном хæссунцæ Цæгат Иристони респубикон аййевадон музей Дзæуæгигъæуи æма аййевадон училище Цхинвали, æ райгурæн гъæу Дур-Дури арæзт æрцудæй æ мемориалон музей, æ ном хæссунцæ гъæунгтæ Дур-Дури, Дигорай, Беслæни, Цхинвали. Устур циртдзæвæн ин æвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдеси равдистити зали размæ (къари). Мадта дзиллон хабархæссæг фæрæзнити дæр ахид фæззиннунцæ æ цардвæндаг æма исфæлдистади туххæй æрмæгутæ.**



***ТУЙГЪАНТИ Мухарбег хъæбæр гъенцъун кодта нæ аййевади архайгутæй кадæртæ æгæр æдзæстуарзон æма соцъагæнагæ ке 'нцæ, уой фæдбæл. Уой фæдбæл уотæ финста: «Æхе хонхи цъопп æнгъæл унбæл ка исахур уй, æ лæгигъæдтæ æма æ гъуддæгутæ ба æхемæ тæккæ хуæздæр æма тæккæ аккагдæр кæмæ кæсунцæ, еци адæймагæй макæд хезæ инней æскъуæлхтдзийнæдтæн гъæугæ аргъ искæнун.... Æз мæ ахурдзаутæмæ ахид æрæстæфун,***



ТУЙГЪАНТИ Мухарбег æ мадæ Асиати (САНАТИ Гацири кизгæ) æма æ хуæрифурттихæццæ.

# ХЪАЗАР АДÆЙМАГ НИН АДТÆЙ...

Мæхе амондгунбæл нимайун, Сталинирмæ бафтуйгæй хузæгæнæг Туйгъанти Мухарбеги хæццæ ке базонгæ дæн, уомæй. Мухарбег адтæй, зæгъæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн зæрдесгæ адæймаг.

Е адтайдæ 1932 анзи сентябрæн æ фиццаг кенæ æ фæстаг бæнтти. Мухарбеги хæццæ мæ базонгæ кодта хузæгæнæги фурт Энвер. Уæд æз косун райдæдтон парткабинети. Еци азгъунсти адтæй облæсти сæйраг кæсæндонæ дæр. Энвер куста уоми директорæй. Æма æ дзубандитæй базудтон, æ фидæ хузæгæнæг ке 'й, уой æма фæннæхстæр ан студимæ. Цудтæн, фал мæ гъудий кæрони дæр нæ адтæй, Райгурæн бæстæ æведуйгæ рæсугъдæй ке фæууиндзæнæн æма мæ зæрдæ хузæгæнæги æрмадзи ке байзайдзæнæй.

Мухарбег адтæй хуæрзконд, æлвæст, рæсугъд цæсгон ин, дуйнемæ кастæй кæдзос, алциуинагæ цæститæй. Адтæй еци раст æма еузæрдиуон, адæймаги тавта æ цæстингасæй дæр. Æгæрон хъазар мин иссæй Туйгъанти Мухарбег, æгæрон устур аргъ ин кæнун æ уадзимистæн. Ку базонгæ ан, уæдæй фæстæмæ уæхæн бон нæ адтæй, æма æз студимæ кæд нæ бацудтæн. Мæ цæстæ дардтон хузæгæнæги алли æрмдзæфмæ дæр нæуæг хузæ куд райгуруй, уомæн адтæн æвдесæн.

Студий кустонцæ æ ахуркæнуйнæгтæ дæр. Æ гъос сæмæ куд æновудæй дардта, куд зæрдибунæй сæ уарзта, уобæл деси бацудтæн. Студий базонгæ дæн æригон студент Засети Александри хæццæ. Æмбæлттæ 'й гъазгæй Къогъо исхудтонцæ. Уотемæй е еци рæстæги иллюстрацитæ искодта Бегизати Чермени киунугæн «Бирæгътæ». Студимæ ка цудæй, уонæй æндæр мæ зæрдæбæл неке бадардтон.

Туйгъанти Мухарбегмæ цудæнцæ хестæртæ дæр, кæстæртæ дæр. Æма æрбацæуугутæ æртемæй ку фæффулдæр уиуонцæ, уæд æз сабургай мæхе исесинæ, хъори хуасæй æндæр неци дæн, зæгъгæ.

Рацудæй анзи 'рдæг, уотемæй æз бахизтæн Туйгъанти хæдзари къæсæрæй. Фидæ æма фурт цардæнцæ еу уати. Дессагæй сæмæ неци разиндтæй: дууæ тъахтини нимæтæй æмбæрзт, стъол, æртæ-цуппар къелай, къуми табуреткæбæл – керосинкæ, тæрхæгутæбæл – киунугутæ амад. Фæрстæбæл – хузтæ, этюдтæ. Цæстæ сæмæ кæсунæй не 'фсастæй, цума алæмæти бæстæмæ бахаудтæн, хори рохс си ивулдæй. Абони хузæн мæ цæстити рази лæууй хуарæн къариндæстæй хъæбæр дæсни конд, зæгъæн кæмæн нæййес, уæхæн рæсугъд этюд: ирд хорбон, надбæл фæцæуй, бæлвурддæр зæгъгæй ба, лæсæгау кæнуй адæймаг. Æнгъæл адтæн, æма еци этюд айдагъ мæнæн уотæ хъазар адтæй, фал ма хузæгæнæг Ходи-фуртмæ дæр æнахур дессаг ке кæсуй, уой ку базудтон, уæд си хъæбæр фæббоз дæн. Аслæнгерийи хæццæ баздахтан Мухарбегмæ æма ин загътан нæ курдиадæ, гъома, этюдæй хузæ исаразæ, зæгъгæ. Е бахудтæй æма, æ къох ракъуæргæй, уотæ бакодта: «Уомæ мæ нæ евдæлуй».

Хуцаубæнтти сæумæраги Мухарбег цудæй этюдтæ финсунмæ, еци бæнтти æ ахуркæнуйнæгтæй æ хæццæ неке адтæй. Фæстæмæ цæугæй махмæ æнæ 'рбауайгæ нæ фæууидæ. Къæсæрæй æрбадзоридæ:

– Еу каст уæмæ, зæгъун, бакæнон. Уæ фиди хъæбæр имисетæ? Кæд уæмæ естæмæй фæккæсун гъæуй? Æфсæрми ма бакæнетæ...

Мухарбеги æрбацудмæ нæ еугуремæн дæр нæ цæститæ исоурс уиуонцæ. Нæ мадæ фингæ æвæрунмæ фæууидæ. Мæ кæстæр хуæрæ æма ме 'нсувæр ба Мухарбегмæ баледзиуонцæ, æ этюдти папкæ ин æ къохæй ракъахиуонцæ, æма ибæл цийнæ кæнунмæ фæуууиуонцæ, фæстагмæ ба 'й финги уæлгъос исбадун кæниуонцæ.

Еуумæхæни дин Мухарбег æ сосæгдзийнадæ ку исгъæр кæнидæ: сæумæраги ести кустмæ бавналуй, æма, цалинмæ æ зæрди фæндæуагæ нæ фæффулдæбон кодтайдæ, уæдмæ æ гъæлæсмæ комидзаг нæ хаста. Уотемæй ибæл ахид байзæр уидæ. Нæ мадæ 'й уайдзæфти буни фæккæнидæ.

– Мадта гъенур æфсес адæймагмæ уæлтæмæнадæ куд гъæуама æрцæуа?! – зæгъидæ ин.

Еууæхæни Сталинирмæ æрбацудæй Абайти Васо. Мухарбег æй зæрдибунæй уарзта. Бонæй киунугæдонæмæ æрбауадæй æма мин уотæ:

– Изæри, ирон-индийаги сорæт конд ку фæууон, уæд уæмæ Абайти Васой хæццæ фæццæуæн. Барæ нин ес? Сомехаг æма Еууæхæни æрæстæфтæн, Мухарбеги бæхтæ мæмæ Клодти бæхти хузæн ке кæсунцæ, уой. Туйгъани-фурт мæмæ десæйдзаг цæститæй æрбакастæй, мольбертæй æ цæститæ нæ исиста, уотемæй еуварсдæр æрлæудтæй, æ сæр батилдта æма загъта:

– Раст зæгъис. Æма 'й мæхуæдæг куд не 'ргъуди кодтон.

Нарти таурæхътæ фиццагидæр Мухарбеги дессаги хузтæмæ гæсгæ базудтон, уой фæрци базонгæ дæн ирон литератури хæццæ, Иристон мин уой фæрци æнæзонгæ нæбал адтæй.

Гъуди ма кæнун уой дæр, æма 1933 анзи нæмæ сæрди æрбацудæй Хохти Аслæнгерий. Æ кой ин ахид кодтан, æма 'й фæсауунмæ хуарз зудтан. Мухарбег мæ музеймæ бахонидæ, æма си кастан Хохи-фурти конд хузтæмæ. Мухарбег æй уæди хузæгæнгутæй беретæй уæлдæр æвардта, ирон орнаментбæл ци фудæбон бакодта, уомæн ин устур аргъ кодта. Аслæнгерий нæмæ дуккаг бон ку 'рбацудæй, уæд базонгæ ан. Адтæй фудхутæ æрæзт, е 'змæлд – цурд, æ дарæс – хуæрзаййев. Мухарбегбæл – устур керзæ цубердзейнаг æвзæгтæбæл ка дзоруй, уотемæй æхе маддæлон æвзаг дæр кæмæй нæ феронх æй, еци ирæнтти хæццæ 'й базонгæ кæнон.

Еци изæр нæбæл райевгъудæй игъæлдзæгæй. Мухарбег æ хæццæ æрбахаста, Васомæ кæсгæй ке искодта, уæхæн сурх хуарæнтæй конд хузæ, уой размæ сурх индийаги кой кодта, æма нур æ дзурд нæ фæссайдта. Аци сорæт рауадæй дессаг, студий фарсбæл ауигъдæй берæ фæллæудтæй.

Нæ иуазгути дзубандитæй мæ зæрдæбæл, гъулæггагæн, нецибал лæууй. Æцæг, гъуди ба ма кæнун мæ мади райдзаст цæсгон: æ конд цихтгунтæ иуазгути зæрдæмæ фæццудæнцæ.

Хузæгæнæги куститæмæ кæсгæй нин æрмадзи дзубанди байеудагъ æй аййевади туххæй.

лухътæ, æ хæдони уæллæй æрбабаста нарæг ронæ.

Аслæнгерий тухстæй, фæсауонмæ кедæр карз æхсилкъитæ кодта. Фæйнæхузи адтæнцæ, уæддæр Мухарбег Аслæнгерийбæл тухстæй, æ сонт миутæ ин хатир кодта, æмгъудмæ ку нæ исæнхæст кæнидæ кедæр фæдзæхст кустitæ, уæд æй, сæйгæ 'й, зæгъгæ, Мухарбег рæститæ кодта.

Цубур рæстæги фæсте Аслæнгерий махмæ дæр æрбацудæй. Æрбахудта æй Энвер. Е лимæнæй цардæй мæ хуæрæ æма ме 'нсувæри хæццæ. Цуппаремæй бакъуар уиуонцæ, сахари кæронмæ рандæуиуонцæ, уоми æнафонæмæ фæббадиуонцæ. Мæйи бæрцæ фæццардæй Аслæнгерий, бадзурд исаразта, аванс райста æма денгизи билæмæ рандæй. Рацудайдæ мæйæ, æма ин æ финстæгутæ еу инней фæдбæл есун райдæдтон. Æ гъæститæ мин фæккодта, цума зæнхæбæл уомæй æнамонддæр нæ адтæй. Æз бацæуинæ Мухарбегмæ, Аслæнгерий финстæг имæ раттинæ. Е æ медбилходгæй бакæсидæ финстæг, е 'рмадзæ нихгæнидæ, рандæуидæ пости хайадæмæ æма æхца рарветидæ. Е дæр сæ ку райсидæ, уæд сæ уайтæккæ дæр исхарз кæнидæ æма бабæй ин æ нæуæг фæдесон финстæг райсианæ. Нæ, Мухарбег не 'смæстгун уидæ, æ хæларзæрдæ медбилтихудт некæд нииуадзидæ, æма бабæй ин æхца рарветидæ. Уотæ бакæнидæ:

– Цæуон. Еци адæймагмæ фæккæсун гъæуй. Дессаги хузæгæнæг æй æма 'й судæй дæр куд рамарæн.

1937 анзи зумæги каникулти рæстæг нæмæ Аслæнгерий æма Энвер æрбалæудтæнцæ. Æдеугурæй нæмæ фæцæнцæ дууæ бони. Ме 'нсувæр æма мæ хуæрæ сæ хæццæ сахарбæл æрзилдæнцæ. Фиццаг бон бацудæнцæ Аййевадон музеймæ. Аслæнгерий хъæбæр бæлдтæй сомехаг хузæгæнгути куститæ фæуууинунмæ, уæлдай фулдæр ба уарзта Сарьяни исфæлдистадæ. Еци изæр бацудæнцæ оперон театрмæ.

Радзубанди кæнуни барæ дæр сæ нæ фæуууидæ, фал мин еууæхæни Аслæнгерий æ бæлдæ раргом кодта: фæндадтæй æй Туркмæ фæцæуын, евгъуд æности уордæмæ ка рафтудæй, еци ирæнтти карнæ базонун. Сæ цард, дан, син равдесинæ, цума, дан, ма ирон æгъдæуттæй естæбæлти хуæст æнцæ, æнхæст ма сæ кæнунцæ. Бæргæ ку бафтудайдæ Туркмæ, фал æ бæлдæ не 'сæнхæст æй.

Æзинæ цума адтæй, уоййау ма мæ зæрдæбæл лæууй еу уæхæн хабар. Туйгъанти Мухарбегæн еу кадæр уæхæн хузæ искæнун бафæдзахста: равдесæ, дан, мин Кавказ иссæребарæ кæнуни сæрбæлтау ци тох цудæй, уой. Æнæмæнгæ, дан, си гъæуама зинна фидтæлтиккон мæсуг. Хузи гъæуама æвдист æрцудайдæ, мæсуги фарсæй нæмгутæ фæстæмæ куд æсхъеунцæ, æма сæ ка æхста, уонæн сæхебæл куд уайунцæ, уой дæр. Бæлах уой медæгæ адтæй, æма еци лæгæй не 'руагæс кодта, хузæгæнæги бон тæхгæ нæмгутæ равдесун ке нæй, е.



ТУЙГЪАНТИ Мухарбег Абисалти хуæрти хæццæ.

Нæ республики гъæууонхæдзарадон къабази зундгонд архайæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Мæрзойти Хаджимусси фурт Хъазбеги райгурдбæл 3 июли æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1926-1991).

***куд æхсайгæзæрдæй кæсунцæ, се ’мбæлттæй син еске хузæй ку раппæлунцæ, уæд уомæ. Тæрсун, хуæдбарæ хузæгæнгутæ ку исунцæ, уæддæр гъе уотæ æнæбухсгæ уодзæнæнцæ иннети æнтæстдзийнæдтæн. Е ба ’й, нæ национ хезонундзийнадæ ма æгæр цъæх ке ’й, айдагъдæр уой æвдесæн... Адæймагæн гъæуама цийнæдзийнадæ хæсса, æ национ культури искурдиадæгинæй цидæриддæр ес, е...»***



ТУЙГЪАНТИ Мухарбег æ хуæрифуртти хæццæ.

Минкъий мæститæ не ’скодтонцæ Мухарбегæн, æхе «аййевади аргъгæнæг» ка худта, етæ. Киунугæдони директорæй ку кустон, уæд ин бафæдзахстон Хетæгкати Къостай сорæт искæнун. Мæ курдиадæ мин бадзубандигонд æмгъудмæ исæнхæст кодта хузæгæнæг. Фæткæмæ гæсгæ къамиси иуонгтæ гъæуама исаргъ кодтайуонцæ хузæн æма ин гæгъæдитæ исаразтайуонцæ. Куд нæ!.. Къоста къамиси иуонгтæй неке зæрдæмæ фæццудæй – сæ еу уайдзæф иннемæй карздæр. Куд сæ балæдæрдтæн, уотемæй хузæгæнæгæй курдтонцæ устур хузæ искæнун, фал æ куст аййевадæмæ ести барæ даруй æви нæ, уой мæтæ ба си неке кодта. Исмæстгун дæн, фал ци гæнæн адтæй. Раздахтон Мухарбеги куст. «Аййевади дæснитæ» кæд æрцæриуонцæ, зæгъгæ, æма ин загътон:

– Уайдзæфтæмæ æркæсгæй, хузæбæл бундоронæй бакосæ... Хебарæй ба Мухарбегæн бафæдзахстон:

– Æмбæлгæ дæр ибæл мабал бакæнæ, уони ба мæхе барæ уадзæ!.. Мæйи фæсте ба къамиси иуонгтæ нæуæгæй æрæмбурд æнцæ, нæ рази æрæвардтан хузæ. Æз син загътон, сæ еугур уайдзæфтæмæ дæр ке ’ркастæй, уой. Фæрракæсæ-бакæсæ кодтонцæ хузæгæнæги кустмæ, фал си неке нецæбæл фæггурусхæ ’й. Æма Къостай сорæт облæстон киунугæдони фарсбæл ауигъд æрцудæй.

Туйгъанти Мухарбег еци-еу рæстæг куста облæстон театри декораторæй дæр. Сæр багъудæй, зæгъгæ, уæд балетмейстери бæсти дæр бакосидæ, æ устур цулухътæ æ уæле, уотемæй амудта, кафæг æ къах кæми куд гъæуама аййевдæрæй еса, уой, амудта син кафуни ритм. Ирон адæми кæфтити ритм хъæбæр хуарз зудта Мухарбег.

Туйгъанти Мухарбег хъæбæр хуарз зудта дуйней адæмти культурæ, зудта европаг æма уруссаг аййевадæ, истори, этнографи, литературæ. Мухарбег адтæй ирон адæми аййевадæ æновуд æртасæг. Иристони гъæутæбæл, хонхæй дæр æма будурæй дæр зилдæй, игъуста кадæнгæгæнгутæмæ æма финста адæмон исфæлдистади уадзимистæ, Нарти кадæнгитæ. Исахур кодта алантæ æма сомехæгти астæу историон бастдзийнæдтæ. Æмбурд кодта зундгонд историктæ Мовсес Хоренаци, Халатян æма æндæрти фæллæнттæ. Зудта рагон сомехаг аййевадæ æма архитектурæ.

Еууæхæни нæмæ дзубанди рауадæй фрескити туххæй. Мухарбег нин радзурдта, Нарти кадæнгитæмæ гæсгæ ци фрескитæ искодта, етæ ин куд фесавдæнцæ, уой. Етæ ин Октябри революций размæ конд адтæнцæ. Хузæгæнæг си исфæлгонц кодта æ райгурæн хæдзари фæрстæ. Советон хецаудзийнадæ ку исфедар æй, уæд Туйгъанти хæдзари, æнгъæлдæн, æрæнцадæй гъæусовет. Æма гъе уæд фесавдæнцæ Мухарбеги фрескитæ, дзæбокæй сæ фæххуастонцæ. Æма къирæйцæгъдгутæн нæдæр сæхецæй, нæдæр ба сæ размæ еу уæхæн адæймаг нæ фæцæй, еци хъазар куститæ ка багъæуай кодтайдæ. Уой фæсте ма Мухарбег бæргæ æрцудæй сæ хæдзарæмæ. Фрескитæ къирæй цæгъдгæй фæббунæй æнцæ, зæгъгæ, æнгъæл адтæй, æма фарси еу цæстæ нихснадта – æ мæгур зæрдæй фрескитæ реставраци кæнунмæ гъавта. Еци рæстæг Мухарбеги размæ кадæр æрбацудæй, æма ин уотæ:

– Алливудтæ дин фæккалдтонцæ, Мухарбег, къирæйцæгъдгутæ. Къирæ æгириддæр фарсбæл нæ цæфстæй. Æма дин дæ «гъолæнттæ» дзæбокæй фæххуастонцæ. Мухарбег ба, дан, хæдзари фæрстæ æндегæй-медæгæй «нигъгъолæнттæ» кодта.

Æ кустити иннæ хай ба фæсарæнти, Вени сахари, байзадæй. Мухарбег æздахтæй æ райгурæн бæстæмæ, æма е ’рмадзи дæгъæлтæ рæстæгмæ бал равардта хæдзари хецаумæ. Æ зæрдæ дардта, Венæмæ ма нæуæгæй ке бафтуйдзæнæй, уобæл, фал ин уæхæн равгæ нæбал фæцæй. Туйгъани-фурт нин 1943 анзи уæхæн хабар радзурдта: 1939 кенæ 1940 анзи Венæй Мæскумæ ка æрбафтудæй, уæхæн фæсарæйнаг, дан, агурдта хузæгæнæг Туйгъанти Мухарбеги. Фæсарæйнаг разиндтæй, Мухарбег е ’рмадзи дæгъæлтæ кæмæ ниууагъта, е. Уæдæй нурмæ, дан, æнгъæлмæ кæсун хузæгæнæгмæ, æ хузтæмæ, дан, кæд фæззиннидæ.

– Гъе, æма ци исараэтай? – рафарстон хузæгæнæги.

– Неци, – æнгъæл кæмæн нæ адтæн, уæхæн дзуапп мин равардта Мухарбег.

Устур Фидибæстон тугъди фæсте мæ зонгитæй кадæртæ рандæнцæ Венæмæ, уоми советон æфсæддон хæйтти службæ кодтонцæ. Сæ еу цубур рæстæги дæргъи иссудæй æ райгурæн бæстæмæ. Вени ке фæууй, уой базонгæй, мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй Мухарбеги хузти хабар. Куд æма ци, уой ин радзурдтон. Е мин зæрдæ байвардта, кæд еци фæсарæйнаги хæдзарæ æнæгъæнæй байзадæй, уæд Мухарбеги хузтæ райсдзæнæн æма сæ æрбаласдзæнæн, зæгъгæ. Мухарбегмæ финстæг рафинстон, зæгъун, рарветæ мин еци фæсарæйнаги муггаг æма адрес. Гæнæн ес, æма дæбæл, зæгъун, дæ хузтæ исæмбæлдзæнæнцæ. Мухарбег мин уæхæн дзуапп равардта: «Феронх ми æй æ адрес. Уæдæй нурмæ цæйбæрцæ рæстæг рацудæй, æма ма ин æ муггаг дæр ка гъуди кæнуй…»

Мухарбег 1943 анзи декабри мæйи æнæнгъæлти Еревани балæудтæй. Нæ цийнæн кæрон нæ адтæй. Фусунуатмæ дæр æй нæ рауагътан. Ме ’нсувæртæ æма мæ сиæхстæ тугъди будури адтæнцæ. Мæнмæ цардæнцæ мæ хуæрифурттæ. Мухарбег си неке зудта. Фæсевæд уайтæккæ балимæн æнцæ иуазæги хæццæ, фурбоцæй имæ «дада» дзорун райдæдтонцæ. Мухарбег уæд Хонсар Иристони ахурадон-æртасæг институти командировкæмæ гæсгæ æрбафтудæй Ереванмæ, сомех æма ирон адæми ’хсæн ци бастдзийнæдтæ адтæй, еци фарста ахур кæнунмæ. Еревани цардæнцæ Мухарбеги рагон лимæнтæ, аййевадæ æма литератури архайгутæ. Мухарбег мæ бафарста, куд иссерон адæмон хузæгæнæг Акоп Коджояни, зæгъгæ. Кæддæр Коджоянтæ Владикавкази цардæнцæ æма уæд, се ’ригон бæнтти базонгæ ’нцæ Акоп æма Мухарбег. Коджоянтæ кодтонцæ ювелирон куст, уæлдай æрмарæхстгиндæр адтæй кæстæр æнсувæр Акоп. Петербурги аййевади Академи каст фæууни фæсте Мухарбег исфæндæ кодта Мюнхенмæ рандæун æма архайдта, цæмæй Акоп дæр æ хæццæ рандæ уа. Сомехаг биццеуи фидæ цæхгæр ниллæудтæй, кой кæнун дæр æй нæ уагъта æ фурти, фал имæ Мухарбеги фидæ Сафар æхе ку бахатта, уæд дууæ нæбал загъта. Дууæ лимæни еумæ рандæнцæ Мюнхенмæ, кустонцæ хузæгæнæг Антон Ажбейи студий.

Æз телефонæй бадзурдтон Акопмæ, зæгъун, Туйгъанти Мухарбеги фæндуй дæу фæууинун.

– Мухарбег ами ’й?! – ниццийнæ кодта Акоп. – Æма кæми ’й?! Нуртæккæ ами куд уа, уотæ! Аци минут!..

Æ адрес мин байамудта, æма хилæ кæнунмæ фæцæй:

– Æма мæ разæй æндæр кедæр цæмæн байагурдта?..

Æз ин балæдæрун кодтон, зæгъун, хеуæнттæмæ æрфусун кодта, æхе æмзæнхонтæмæ.

...Мухарбег æма Акоп кæрæдзебæл уоййасæбæл цийнæгæнгæй ниттухстæнцæ, раст цума сæ рази æндæр некебал адтæй. Кæрæдзей нæмттæ ма исдзориуонцæ, æндæр сæ цъухи дзурд нæбал бадтæй. Цалинмæ сахари гъæунгти цæуни барæ адтæй, уæдмæ фæббадтан. Уæд си сæ еуей, уæд инней цъухæй исхауидæ: «Гъуди ма кæнис?» Имистонцæ, имистонцæ...

Ма сæ хъор кæнон, зæгъгæ, мæхе Акопи æрмадзæмæ байстон. Уæдмæ етæ дæр æрмадзæмæ ’рбацудæнцæ. Мухарбег, куд алли хатт, уотæ нур дæр æ гъудитæ дзурдта æргомæй, хузтæмæ кастæй лæмбунæг æма си ести гъæндзийнадæ ку æрæстæфидæ, уæд нæ басосæг кæнидæ æ зæгъуйнаг. Коджоян æ хæццæ ахид исарази уидæ, фал ефстагмæ ба уæддæр уотæ бакæнидæ: «Нæ, ами, ка ’й зонуй, æз растдæр дæн…»

Уæхæн бон нæ адтæй, æма нæ Коджоян сæумæй кæд нæ рабæрæг кæнидæ. Сехуари фæсте Мухарбеги хæццæ рандæуиуонцæ. Æнгъæлдæн, е æртиккаг бон адтæй. Коджоян нæмæ ’рбахудта зундгонд поэт Аветик Исаакяни. Фæсæхсæвæр син дзубанди байеудагъ æй литератури туххæй, рауадæй сæмæ эпоси кой дæр. Сомехаг поэт бакастæй цалдæр скъуддзаги «Давид Сасунский»-æй. Туйгъани-фурт ба ин Нарти кадæнгитæй бакастæй. Нарти фæсевæд гъолæй гъазунбæл ахур кæнунмæ Сомехмæ ке цудæнцæ, Мухарбег уой ку радзурдта, уæд Исаакяни цийнæн кæрон нæбал адтæй, гъома, нæ фидтæлтæ кæрæдзей куд хуарз зудтонцæ.

Еци изæр Исаакян бакастæй æхе æмдзæвгитæ дæр. Мæ кæстæр хуæрæ ба разардта поэти дзурдтæмæ гæсгæ финст зар. Поэти зæрдæ исунгæг æй, æ цæстисугтæ сæрфгæй мæ хуæрæмæ бакастæй æма Мухарбегæн уотæ зæгъуй:

– Мæ зартæ мин берæ æвзæгтæбæл зардтонцæ, фал сæ ирон кизгæ разардзæнæй, уæлдайдæр ба мæхе мадтæлон æвзагбæл, уой æнгъæл ба нæ адтæн.

Уæд Акоп Коджоян нæбал фæллæудтæй æма Исаакянæн уотæ бакодта:

– Аветик, æз хъæбæр ихæсгин ке рази дæн, Сомехмæ адæмон хузæгæнæг ке фæрци ес, ду уой зонис? Е Мухарбег æй. Е ку нæ адтайдæ, уæд уотид ювелирæй байзадайнæ...

Æма нин Коджоян радзурдта, сæ бийнонтæ Туйгъанти бийнонти хæццæ куд лимæнæй цардæнцæ, еци хабæрттæ.

Коджоян æма Туйгъани-фурт алли бон дæр зилдæнцæ музейтæбæл. Коджоян æй базонгæ кодта уордигон хузæгæнгути хæццæ. Уотемæй бафтудæй Сарьянмæ дæр. Еци изæр Мухарбег уæлдай æрæгæмæдæр æрбацудæй нæхемæ. Сарьяни хузти койæй æндæр си неци игъустæй. «Е кæбæлти лæг æй, кæбæлти!.. Къæдзæх!..» – дзурдта Мухарбег.

Мухарбег фæстæмæ Иристонмæ исæздахтæй 28 кенæ 29 декабри. Адтæй ирд хорбон – еци анз декабрь гъар рахаста. Е адтæй нæ фæстаг фембæлд. Уой фæсте ма кæрæдземæ æрвистан финстæгутæ. Мухарбег мæмæ æрбарветидæ æ куститæ, æз ба сæ бахæссинæ академик Агаджанянмæ.

***ПЛИТИ Верæ,***
***1971 анз.***





«Антон АСИБЕ» ТУЙГЪАНТИ Мухарбеги конд хузæ. Мюнхени уогæй, Туйгъани-фурт ахур кодта аци зундгонд ахургæнæги скъолай; ТУЙГЪАНТИ Мухарбег, актер БЕСАТИ Ладо æма АБАЙТИ Васо.

**Абони, 27 июни Уæрæсей бæрæггонд цæуй фæсевæди Бон. Уой фæдбæл арæзт æрцæудзæнæй берæ аллихузон цийнаг мадзæлттæ.**

*Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй зундгин загъд: «Бæрæгбон цийнæ æма лæвæрттæй федауй!..» Æма Хуцауæн дæр уæлдай уарзон æнцæ, адæмæй сæ царди агъазгъæуагитæн агъазгæнæг ка ’й, сæ къохи ци гъуддаг æй, уой рæстмæ ка хæссуй, рæстудæй æма зæрдхæларæй æ цардиуаги хабæрттæ ка аразуй, етæ.*

# ДИГОРОН БÆРÆГБÆНТТИ КЪÆЛИНДАР
## 2026 анзи дуккаг æмбесæн

| Мæйи бонтæ | Бæрæгбон | Къуæрей медæгæ бæрæгбони | | Бунат, рауæн |
|---|---|---|---|---|
| | | райдайæн | кæрон | |
| | **СОСÆНИ МÆЙÆ (июль)** | | | |
| **11** | Къубуси Дзиуарæ | 2-аг сабати | Сабати | Мæхчески ковæндони |
| **12** | Сослан | 2-аг хуцаубони | Хуцаубони | Нари ковæндони |
| **12** | Идауæг | 2-аг хуцаубони | Хуцаубони | Устур-Дигори ковæндони |
| **12** | Голя (силгоймæгти бæрæгбон) | 2-аг хуцаубони | Хуцаубони | Устур-Дигори ковæндони |
| **12** | Рæхис | 2-аг хуцаубони | Хуцаубони | Донифарси ковæндони |
| **12** | Авд дзиуари | 2-аг хуцаубони | Хуцаубони | Гæлиати ковæндони |
| **13** | Уацелла | 2-аг авдисæри | Авдисæри | Нæуæггъæуи |
| **13** | Габонæ (Гулæри Габонæ) | 2-аг авдисæри | Авдисæри | Дзинагъай æма Гулæри |
| **16, 19** | Майрæймаг (Æфсийни цæгатæй лæваргонд фус кенæ æ уæри нивонд бийнонтæн) | Цуппæрæни кенæ хуцаубони | Цуппæрæни, хуцаубони | Хæдзæртти |
| **18** | Сонгути Гъæуизæд | 3-аг сабати | Сабати | Дунти, Сонгути ковæндони |
| **18** | Фæрон | 3-аг сабати | Сабати | Гæлиати ковæндони |
| **18** | Дигори Изæд | 3-аг сабати | Сабати | Задæлескæмæ хæстæг ковæндони |
| **18** | Узунæг (Фарни фурт) | 3-аг сабати | Сабати | Уæхъæци ковæндони |
| **19** | Сослан | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Мæцути ковæндони |
| **19** | Устур Хуцауи бонтæ | Хуцаубони | Хуцаубони | Донифарси зилди гъæути хæдзæртти |
| **25** | Елиа | Фæстаг сабати | Сабати | Æхсæуи ковæндони |
| **25** | Уацелла | Фæстаг сабати | Сабати | Хæнæзи ковæндони |
| **25** | Сау кизгæ (Сау хонхи бадæг) | Фæстаг сабати | Сабати | Къамати ковæндони |
| | **СУХИ МÆЙÆ (август)** | | | |
| **1** | Задæлески Нана | 1-аг сабати | Сабати | Задæлески ковæндони |
| **8** | Уацелла | 2-аг сабати | Сабати | Къæмунти ковæндони |
| **9** | Гурмехан | Хуцаубони | Хуцаубони | Мæхчески ковæндони |
| **9** | Елиа | Хуцаубони | Хуцаубони | Мæстиноки ковæндони |
| **9** | Устур Хуцауи дзиуарæ | 2-аг хуцаубони | Хуцаубони | Мæхчески сæрмæ, Хуцауи бæласи тегъæбæл |
| **15** | Нæлизæд | 3-аг сабати | Сабати | Уæллаг Фæснæли ковæндони |
| **15** | Хори изæд | 3-аг сабати | Сабати | Мадзаски тухæвзарæн фæзи |
| **16** | Рохси дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Фæрæскъæтти ковæндони |
| **16** | Æфцæги дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Долæгъи æфцæги |
| **27, 28** | Рæзахуадæн | Фæстаг цуппæрæни кенæ майрæнбони | Цуппæрæни, майрæнбони | Хæдзæртти |
| **28** | Майрæни комуадзæн | Майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| | **РУХÆНИ МÆЙÆ (сентябрь)** | | | |
| **1-3** | Беслæни сабийти имисæн бонтæ | Геуæргибони | Цуппæрæни | Беслæни 1-аг скъолай |
| **10** | Реком | 2-аг цуппæрæни | цуппæрæни | Гулæри ковæндони |
| **13** | Гъæударæн Гъæуизæд | 2-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къуссуй. Дадтетæ, Салæгатæ, Темуртæ æма Чегати сæрмагонд ковæндæнтти |
| **24** | Будури изæдтæ | Фæстаг цуппæрæни | Цуппæрæни | Дзинагъай ковæндони |
| **26** | Коми Уасгерги | Фæстаг сабати | Сабати | Уасгергий ковæндони |
| | **КÆФТИ МÆЙÆ (октябрь)** | | | |
| **5** | Тотуртæ (уæритæ фустæбæл ку бафтаунцæ, уæд) | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти, уотæртти |
| **11** | Екъина (нæуæг бунæтти баридауæг) | 2-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти, уотæртти |
| **18** | Стули | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къуссуй ковæндони |
| **25** | Хуари сæртæ (æхсирфити комбаст райхалунцæ) | Фæстаг хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| | **ГЕУÆРГОБАЙ МÆЙÆ (ноябрь)** | | | |
| **10** | Уасгерги | 2-аг геуæргибони | Геуæргибони | Устур-Дигори ковæндони |
| **23-30** | Геуæргоба | Авдисæри | Къуæрей фæсте (30 ноябри) | Хæдзæртти |
| **24** | Хор-Хуари Дзиуарæ | Геуæргибони (Геуæргобай къуæрей) | Геуæргибони | Къора, Уорсдони ковæндони |
| | **ЦÆППОРСЕЙ МÆЙÆ (декабрь)** | | | |
| **18, 19** | Цæппорсе (зиангун бийнонтæ æй кæнунцæ) | Хорхæтæни хуæдразмæ майрæнбони кенæ сабати | Майрæнбони, сабати | Хæдзæртти |
| **25, 26** | Сувæллæнтти цæппорсе (сувæллони зиани фæдбæл æй кæнунцæ) | Хорхæтæни 1-аг майрæнбони кенæ сабати | Майрæнбони, сабати | Хæдзæртти |
| **31...** | Нæуæг анзи фиццаг бони æхсæвæ | Майрæнизæри | Майрæнбони | Хæдзæртти |

Къæлиндар исаразта Регионалон рохситауæг æхсæнадон организаци «Геуæрги Малити»-й сæрдар ТАМАТИ Таймураз

*Дигорæмæ ма бæрæг кæнунцæ къæлиндармæ бахæссунмæ фадуат кæмæн нæййес, уæхæн бæрæгбæнттæ дæр:*

- *хуарздзийнади фæдбæл – киндзæхсæвæр, кизгæрвист, бафедауни æгъдау, киндзæ раргом кæнун, муггаги кувд, гъæугувд, биццеуи кувд, игурæн бон, фидбилизæй фæййервæзæгæн кувд, æфсадæй кенæ идард балцийæй исцæуæги кувд, лæгдзийнадæ бавдесæгæн кади æгъдау искæнун æма æндæртæ;*
- *нарти кæндитæ – зиани бон, майрæнизæр, сабатизæр, дууинсæй боней садахъа, афæйгæндæ, циртæвдесæн æма æндæртæ.*

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730.** Заказ **№ 1338.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 26.06.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 26.06.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**